**Сикъэлэ гупс**

Сэш1э сэ хэти къалэ е къуаджэ,
Ыпсэ ригъапшэу  и1 ч1ып1э горэ.
К1эри алъытэу, жъыри агъаш1оу
Жьыри щыкъабзэу, итыгъи фабэу.

Сэри зы ч1ып1э ащ фэдэу си1.
Шъэогъур алъытэ, гъунэгъур ягупс.
Ц1ыфхэр хьалэлых, ш1улъэгъур щыпыт.
Иогуи мамыр, ипсыхъуи щыкъаргъу.

Лъэпкъ зэфэшъхьафхэр мамырэу щэпсэух.
Ошъогу жъуагъом ащ ыц1э къысфетхы.
Бзыумэ пчэдыжьым орэдэу къысфа1о.
Непэ имэфэк1ышъ ищытхъу фэтэ1о.

Сабыйхэр щап1ух, мамырым фэхъуапсэх.
Хъярыр къябэк1эу ящытхъу зе1эты.
Ныбджэгъур  ихъоеу, нахьыш1ум  фак1оу,
Бэрчэтэу псэурэр сикъэлэ гупс.

**Зыусыгъэр:**
**я 10-рэ  классым ис еджак1оу**
**Лъэцэр Джульет.**